


Prezidan Henry B. Eyring
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



Lapè nan lavi sa a

Anou tout ki vini nan mòtalite, Sovè a te di, “Nan mond lan nou va gen tribilasyon” (Jan 16:33). Men Li te bay disip Li yo pwomès mèveye sa a pandan ministè mòtèl li: “Lapè mwen kite avèk nou, mwen ba nou lapè pa m: non pa lapè selon mond lan” (Jan 14:27). Sa rekonfòtan pou n konnen ke pwomès lapè pèsònèl sa a kontinye pou tout disip li yo jodi a.

Kèk nan nou ap viv nan yon anvivonman ki bèl epi ki gen lapè, men nou gen boulvèsman andedan nou kanmèm. Gen lòt ki santi lapè ak trankilite pafè nan mitan gwo pèt pèsònèl, trajedi, ak eprèv ki dire.

Petèt ou gen dwa konn wè mirak lapè a nan vizaj yon disip Jezikri oubyen tande l nan pawòl li. Mwen wè sa plizyè fwa. Pafwa se konn nan yon chanm lopital kote yon fanmi rasanble bò kote yon sèvitè Bondye ki prèske mouri.

Mwen sonje m te vizite yon dam nan lopital kèk jou avan l te mouri avèk kansè. Mwen te mennen de jèn pitit fi m yo pou te akonpanye m paske bon sè sa a te pwofesè yo nan Primè yon fwa.

Manm fanmi l yo te rasanble bò kabann ni, pou yo te kapab avèk li nan dènye moman li sou tè a. Mwen te etone lè l te leve chita sou kabann nan. Li te lonje men l bay pitit fi m yo epi li te prezante yo toulède, youn apre lòt, bay chak manm fanmi li. Li te pale kòm si pitit fi m yo sete wayote li t ap prezante nan lakou yon rè. Li te jwenn yon fason pou l te di yon bagay sou fason chak moun nan chanm nan sete yon disip Sovè a. Mwen toujou sonje

kouraj, tandrès, ak lanmou ki te nan vwa li. Epi mwen raple ke m te etone wè bèl souri li menm lè li te konnen ke tan li sou tè a te kout.

Li te resevwa benediksyon prèttriz pou rekonfò, men li te bay nou tout yon temwayaj vivan ke pwomès lapè Senyè a se verite: “Mwen di nou bagay sa yo, pou ke nan mwen menm nou kapab gen lapè. Nou gen pou n soufri anpil tribilasyon nan mond lan; men, pran kouraj, mwen venk mond lan.” (Jan 16:33).

Li te aksepte envitasyon Li a, menm jan nou tout nou kapab, nan kèlkeswa eprèv ak tribilasyon nou genyen:

“Vin jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout k ap pote chay, m ap ba nou soulajman.

“Pran jouk mwen, mete l sou zepòl nou, pran leson nan men mwen; paske mwen dou ak enb nan kè: konsa, n a viv ak kè poze” (Matye 11:28–29).

Se sèlman nan suiv Sovè a ke nenpòt nan nou kapab jwenn lapè ak trankilite nan eprèv ki ap vini pou nou tout yo.

Priyè sentsèn yo ede nou konnen kijan pou nou jwenn lapè nan mitan tribilasyon lavi yo. Lè n ap pran sentsèn nan, nou kapab pran detèminasyon pou nou fidèl nan alyans nou fè pou suiv Li yo.

Nou chak pwomèt pou nou sonje Sovè a. Nou kapab chwazi sonje Li nan fason ki pi byen atire kè nou a Li menm. Pafwa, pou mwen, se wè Li nan lespri m ki ajenou nan jaden Jetsemani an oubyen wè Li k ap rele Laza soti

nan tonb lan. Lè m fè sa, mwen santi yon rapwochman avèk Li ak yon rekonesans ki pote lapè nan kè mwen.

Nou pwomèt pou n respekte kòmandman I yo tou. Nou pwomèt pou nou pran non Li sou nou epi pou nou se temwen Li. Li pwomèt nou ke si nou respekte alyans nou yo avèk Li, Sentespri a ap avèk nou. (Gade D&A 20:77, 79.)

Sa pote lapè nan omwen de fason. Sentespri a lave nou anba peche gras ak Ekspiyasyon Jezikri a. Epi Sentespri a ka bannou lapè ki vini lè nou gen apwobasyon Bondye avèk esperans lavi etènèl.

Apot Paul te pale de benediksyon mayifik sa a: “Men fwi Lespri a se lanmou, lajwa, lapè, pasyans, bonkè, fidelite” (Galat 5:22).

Lè mesaj selès yo te anonse nesans Sovè a, yo te deklare, “Glwa pou Bondye nan syèl la, ak *lapè* sou tè a” (Lik 2:14; italik ajoute). Mwen rann temwayaj antanke yon temwen Jezikri ke Papa a ak Pitit Gason Byeneme a kapab voye Lespri a pou pèmèt nou jwenn lapè nan lavi sa a, kèlkeswa eprèw ki ka vini pou nou menm ak pou moun nou renmen yo.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Eyring anseye ke priyè sentsèn yo kapab ede nou konn kijan pou nou jwenn lapè pandan eprèw nou yo. Yo raple nou ke si nou respekte alyans nou yo, nou gen pwomès Bondye ke Sentespri a ap avèk nou. Konsidere mande sila w ap anseye yo kijan lè nou gen Sentespri a avèk nou sa kapab ede nou gen lapè. Ou gen dwa pataje ide ou tou oubyen yon eksperyans sou fason Sentespri a te ede w santi lapè nan yon eprèw. Ou ka ankouraje sila w ap anseye yo pou yo reflechi sou mesaj sa a pandan sentsèn nan semèn sa a.

JÈN YO

Kijan w pral sonje Sovè a semèn sa a?

Prezidan Eyring ankouraje nou pou n “chwazi sonje [Sovè a] nan fason ki pi byen rapwoche kè nou de li.”

Kijan nou “toujou sonje Li” pandan semèn nan? (gade D&A 20:77, 79)?

Èske w gen ekriti prefere konsènan Sovè a? Ou kapab make yon ekriti diferan chak jou semèn sa a epi pataje l avèk yon moun.

Èske w chante yon kantik oubyen yon lòt chante edifyan nan lespri ou lè w santi w dekouraje? Petèt chwazi youn ki spesifikman pale de Sovè a semèn sa a.

Èske w reflechi sou lavi Sovè a ak sakrifis ekspiyatwa a pandan sentsèn nan chak semèn? Ou kapab prepare pou sentsèn nan raple w chwa ke w te fè atravè semèn nan pou toujou sonje Sovè a yo epi repanti pou moman kote w te lite pou fè sa yo.

Èske w priye pou opòtinite pou pataje levanjil la chak jou? Eseye gen yon diskisyon levanjil semèn sa a ki konsantre sou Sovè a. Ou kapab rann temwanyaj ou sou Sovè a pandan sware famiyal oubyen pale ak yon zanmi lekòl sou yon eksperyans ou te fè nan legliz la.

Fikse yon bi pou sonje Sovè a nan yon fason spesyal semèn sa a. Pale sou bi sa a avèk yon paran, yon frè oubyen sè, yon dirijan, oubyen yon zanmi. Nan fen semèn nan, di yo sa k te pase. Nou toulède ap santi lapè ak lajwa Prezidan Eyring ap pale a.

TIMOUN

Vin jwenn Kris la

Sovè a pwomèt nou lapè lè nou “vin jwenn [Li]” (Matye 11:28). Sa vle di suiv egzanp Li epi eseye rete pi pre Li.

- Rete reveran pandan sentsèn nan.
- Chwazi pou w janti epi pa jije lòt moun.
- Li apwopo de Sovè a nan ekriti yo.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Nou jwenn lajwa nan viv dwat

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou w ka konnen kisa pou w pataje. Kijan konprann “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan” kapab ogmante lajwa nou nan Bondye epi beni moun n ap veve sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Bondye “te etabli fanmi pou pote lajwa pou nou, pou ede nou aprann prensip kòrèk nan yon atmosfè lanmou, epi pou prepare nou pou lavi etènèl.”¹ An palan de “gran plan bonè” Bondye a (Alma 42:8), Prezidan Russell M. Nelson, Prezidan Kolèj Douz Apot la, te di: “Plan l lan deklare ke gason yo ak fi yo fèt ‘pou yo ka gen lajwa’ [2 Nefi 2:25]. Lajwa sa a vini lè nou chwazi viv an amoni avèk plan etènèl Bondye a.”²

Yon fwaye ki santre sou Kris la gen pi gwo opòtinite pou sikse. Eldè Richard G. Scott (1928-2015) nan Kolèj Douz Apot yo dekri l kòm yon lye “kote levanjil la ansenye, alyans yo respekte, epi lanmou abonde,” kote fanmi yo ka viv “yon lavi obeyisan” epi vin “anrasi-nen fèm nan levanjil Jezikri a.”³

Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premyè Prezidans la, te di: “Nou kapab deside ke nou pral fè tout sa nou kapab pou nou rale pou-vwa syèl yo desann sou fanmi [nou].”

Epi nou gen plis chans pou nou ankouraje lanmou, sèvis, obeyisans, ak bonè nan fwaye nou lè “[pitit nou yo] tande pawòl Bondye a epi teste l nan lafwa apres. Si yo fè sa, nati yo ap chanje nan yon fason ki pwodui bonè y ap chèche a.”⁴

Fwaye ki santre sou Kris la

Nou gen egzanp sou fwaye ki santre sou Kris la nan ekriti yo. Apre papa l, Leyi, te fin mouri, Nefi te pran fanmi l ak lòt moun ki te kwè nan avètisman ak revelasyon Bondye yo epi ki te koute pawòl Nefi yo epi yo t ale lwen peyi Lamanit yo. Nan nouvo kote sa a, Nefit yo te kapab kenbe jijman, lòd, ak kòmandman Bondye yo nan tout bagay, selon lwa Moyiz la (wè 2-Nefi 5:6-10). Malgre sa menm pami Nefit yo, gen kèk ki te vin dezobeyisan.

Epi, menmsi manm fanmi nou yo kapab pafwa kite wout ladwati a jan Nefit yo te fè a, Eldè Scott di ke yon fwaye ki santre sou Kris la “se

pi gwo garanti lapè ak refij nan fwaye nou.” Li te rekonèt ke “ap toujou gen pil difikilte ak chagren, men, menm nan mitan toumant yo, nou ka gen lapè enteryè ak yon bonè pwofon.”⁵

Ekriti adisyonèl

3 Jan 1:4; 1 Nefi 8:12; 2 Nefi 5:27

NÒT

1. *Manyèl 2: Administrasyon Legliz la* (2010), 1.1.4.
2. Russell M. Nelson, “Celestial Marriage,” *Liahona*, Nov. 2008, 92.
3. Richard G. Scott, “For Peace at Home,” *Liahona*, Me 2013, 31.
4. Henry B. Eyring, “The Teachings of ‘The Family: A Proclamation to the World,’” *New Era*, Sept. 2015, 5, 6.
5. Richard G. Scott, “For Peace at Home,” 31.

Konsidere sa

Kisa nou ka fè pou nou viv ak plis lajistis nan fanmi nou?